# 9-май.

Бергьенлъи щвараб къо ич1абилеб май,
Бищун нилъ ч1ух1араб халкъго бохараб.
Гитлерин ц1ар араб ч1ег1ераб малг1ун,
Ч1аго ракьулъ лъураб ихдалил байрам.

Дун йохарай йиго,ч1ух1арай йиго,
Щайт1ан г1одоб лъураб дир халкъалдасан.
Дун разияй йиго пачалихъалда ,
Умумул к1оченч1еб заман аниги.

Жеги бокьун буго баркала кьезе,
Т1олго рагъда хварал г1олохъабазе.
Дун налъулай йиго т1олгощиназе,
Нилъей бергьенлъи кьун рух1 бичаразе.

Т1олалго миллатал цох1о чи г1адин,
Дир хирияб Ват1ан ц1унун рагъана.